

Kuva Vadzidzi VeBhaibheri Kunokosha

Nhungamiro Yekukura muShoko raMwari

Zvidzidzo 3-6

*Asi kurai munyasha neparuzivo rwaIshe
wedu neMuponesi Jesu Kristu. Kubwinya
ngakuve kwaari zvino nokusingaperi. Amenii.*

2 Petro 3:18

Yakadhindwa na:
Cornerstone Bible Ministries
Mutare, Zimbabwe
+263 781 158 599
gospelforzim@gmail.com

Chidzidzo 03: Kuchengetedzeka nekusingaperi

Munhu akaponeswa zvezvirokwazvo anokwanisa kurasikirwa neruponeso rwake here?

Kuti munhu akwanise kushandira Ishe nekuvaunzira rukudzo nembiri, *tinofanirwa kuziva* pachokadi kuti takaponeswa. Kuva nechokwadi ichi tinowana ruchengetedzo munaKristu. Chidzidzo chino chakagadzirwa kukuratidza kuti hukama hwako naMwari hwakakwana, haungaperi uye haushanduke nekuda kweruponeso rwake nokuti akativimbisa kutiponesa nekusingaperi.

I. Wakachengetedzewa nekusingaperi munaKristu Jesu.

A. Hupenyu hwatinopihwa naMwari hupenyu husingaperi.

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri Unotenda unehupenyu husingaperi. Johani 6:47

Dai waizofa woenda kugehena mushure mekunge watenda munaKristu zvaizoreva kuti hupenyu hwaunenge wagamuchira hunenge husiri hupenyu hunogara nekusingaperi. Ona Johani 3:16, 36, navaRoma 6:23.

B. Haukwanise kushandura baba vako vakakubereka

Avo vasina kuberekwa neropa, kana nokuda kwenyama kana nokudaa kwomunhu asi naMwari. Johani 1:13

Mwari vanofananidza ruponeso nokubarwa kwepanyama. Zvimwe chetewo usingakwanise kushandura baba vakakubereka panyama haukwanise kushandura baba vakakubereka paMweya. Ona Johani 3:3-7.

C. Ruponeso haruna kuuya nemabasa edu, asi naKristu.

Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda, izvo zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari: Hazvibvi pamabasa kuti kurege kuwa nomunhu unozvikudza.
VaEfeso 2:8-9

Kana pasina basa ratakaita kushandira ruponeso rvedu, zvimwechetewo hatikwanisi kuchengetedza ruponeso nemabasa edu. Hapana chatingaita kuwedzera kana kutapudza pachipiriso chakaitwa naKristu. Ona Johani 19:30 nava Garatiya 3:1-3.

D. Jesu Kristu wakativimbisa ruchengetedzo.

Ishe Jesu Kristu wakativimbisa kusazotisiya

... nokuti iye amene wakati: Handingatokuregei, handingatokusiyei vaHeburu 13:5

Ishe Jesu Kristu vakativimbisa kuti havazotirasa.

... novunouya kwandiri, handingatongomurashiri kunze Johani 6:37

Ishe Jesu Kristu vakati hakuna anokwanisa kutibvuta kubva mumaoko avo.

Uye ndinovapa hupenyu husingaperi haangafi nokusingaperi, vuye hakunomunhu ungaabvuta muruoko rwangu. Baba vangu, vakavapa ini, mukuru kuna vose hakuna munhu ungabvuta muruoko rwaBaba vangu . Johani 10:28-29

Tarira mundima iyi kuti:

1. Hupenyu husingaperi chipo.
2. “Vacha” iyi ivimbiso yakazara.
3. “Hazvizofe zvakadaro” iyi ivimbiso imwe yakazara.
4. Tiri muruoko rwaKristu.
5. Tiri muruvoko rwaBaba.
6. Hakuna angakuriraMwari!

E. Hakuna chingatiparadzanisa nerudo rwaBaba ruri munaKristu.

Nokuti ndinoziva kwazvo, kuti kunyangwe rufu, kana hupenyu, kana vatumwa, kana vakuru, kana masimba, kana zvazvino, kana zvinouya, kana kwakakwiria, kana kwakadzika, kana chinhu chimwe chakasiakwa, hazvigoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari ruri munaKristu Jesu Ishe wedu.
vaRoma 8:38-39

Ndima iyi inoburitsa pachena kuti hatikwanisi kurasikirwa neruponeso rwedu.

1. Rufu – haukwanise kurasikirwa neruponeso paunofa.
2. Hupenyu – haukwanise kurasikirwa neruponeso uchirarama.
3. Vatumwa – vatumwa havakwanise kutora ruponeso rwako.
4. Hutongi – hutongi haukwanise kutora ruponeso rwako.
5. Masimba – Dhiabhoori haakwanise kutora ruponeso rwako.
6. Zvinhu zvazvino – Hapana chirikuitika nguva ino chinokwanisa kutora ruponeso rwako.
7. Zvinhu zvichauya – hakuna zvichauya zvingatora ruponeso rwako.

8. Zvakakwirira – hapana zviri kwakakwirira zvingatora ruponeso rwako.
9. Udzamu – hakuna zviri kwakadzika zvingatora ruponeso rwako.
10. Kana chimwewo zvacho chisikwa – izvi zvinosanganisa zvese zvatingafunga!

Urwu ndirwo rudo runoshamisa kudai runowanikwa munaKristu Jesu Ishe wedu. Umu ndimo maunogadzwa pamweya! Ona 1 Vakorinde 12:12-13, va Efeso 2:6, 5:30, na 2 Timotio 2:13.

F. Hutatu hwaMwari hunotichengetedza muruponeso.

Simba raMwari rinotichengetedza.

Kuti tive nenhaka isingavori, isinemhosa, isingasavi, yamakacengererwa kudenga, Imi munorindwa nesimba raMwari nokutenda, kuti mupiwe ruponeso, rwakagara rwakagadzirwa, kuti ruratidzwe nenguwa yokupedzisira 1 Petro 1:4-5

Mwanakomana waMwari ndiye anochengeta ruponeso rwedu

Nemhaka iyi ndinotambudzikavo nezvinhu izvi, asi handinyadziswi nokuti ndinoziva wandakatenda ndinoziva kwazvo kuti unogona kuchengeta chandakamupa kusvikira zuva iroro 2 Timotio 1:12

Mweya Mutsvene chisimbiso matiri kusvikira Kristu achiuya.

Regai kuchemedza Mweya Mutsvene wa Mwari wamakaisirwa chisimbiso, maari kusvikira pazuva rokudzikinurwa. VaEfeso 4:30

G. Mwari vachapedzisa basa ravakatanga.

Mwari vakatemera kuti tifanane nemufananidzo weMwanakomana wake. Ona vaEfeso 1:3-14 nevaRoma 8:23-30.

Kugamuchira chipo cheupenyu husingaperi angori mavambo ebasa raakatanga. Magumo ake ndeekuti tive takafanana naKristu.

Ndichiziva chinhu ichi, kuti iye wakatanga basa rakanaka mukati menyu ucharipedzisa kusvikira pazuva ra Kristu Jesu vaFiripi 1:6

II. Mibvunzo Inowanzowanikwa.

A. Ndingaziva sei kuti ndakaponeswa zvirokwazvo?

Unofanirwa kungotenda Mwari zvavakataura pamusoro peruponeso.

Izvi ndakakunyorera kuti muzive kuti muneupenyu husingaperi iyemi munotenda muzita reMwanakomana waMwari 1 Johani 5:13

Kana wakaita izvo Mwari zvavanotaura kuti munhu aponeswe (kugamuchira Kristu nekutenda), uye ukatenda zvaakavimbisa, kuti achaita (kukuponesa).

B. Ko kana zvandinonzwa mandiri zvisingadavire nezvinotaurwa neShoko raMwari?

Ruponeso haruzorore mumanzwiro edu. Izvi tinozviratidzwa kune muenzaniso wemuranda we Ethiopia kuna Mabasa 8:26-39. Mundima iyi tinoona

1. Chokwadi “magwaro” – v. 35): Izvi ndizvo zvinotaurwa neShoko maMwari
2. Kutenda (“kutenda” – v. 37): Ndinotenda zvinotaurwa neShoko raMwari.
3. Manzwiro (“Mufaro” – v. 39): Manzwiro angu anotanga kudavira kune zvandinotenda (nguva zhinji!).

Mwari vanotipa chapupu mumoyo yedu. Ona vaRoma 8:15-16. Asi chapupu ichi chinobva muShoko raMwari Ona 1 Johani 5:9. Mwari vakavimbika!

Ndiyoyi vimbiso yaakativimbisa ihwo hupenyu husingaperi, 1 Johani 2:25

Mibvunzo yechidzidzo 03

1. Wakava mwana waMwari nenzira ipi? Ipa magwaro anosimbisa mhinduro yako.
2. Doma magwaro matatu atinovimbiswa naKristu kuti hatizorasikirwe neruponeso rwedu.
3. Hutatu hwaMwari hunochengetedza sei ruponeso rwedu? Simbisa nema gwaro.
4. Munhu anokwanisa kuziva sei kuti akaponeswa?
5. Zvinhu zvipi zviviri zvinofanirwa kuvapo kuti tizova nemanzwiro emaGwaro anosimbisa kuti takaponeswa ? Hurongwa hwakakosha here?
6. Munhu akaponeswa zvemazvirokwazvo anokwanisa kurasikirwa neruponeso here?

Ndima dzekuchengeta mumoyo 03

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva.

Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda ,izvo zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari: hazvibvi pamabasa kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza. VaEfeso 2:8-9

Makwayi angu anonzwa izwi rangu, neni ndinomaziva, uye anonditevera, Ndinomapa hupenyu husingapere haangafi nekusingaperi uye hakunomunhu ungaabvuta muruvoko rwangu. Baba vangu vakavapa ini ,mukuru kunazvose ,hakunomunhu ungaabvuta muruvoko rwaBaba vangu Johani 10:27-29

Chidzidzo 04: Rubhabhatidzo

Rubhabhatidzo zvinomborevei uye rwakakosherei?

Pane miwono yakawandisa yezvitendero pamusoro pefungwa yerubhabhatidzo. Chinofanirwa kuva chido chemoyo wedu kuziva zvinodzidziswa neShoko raMwari pamusoro pechidzidzo che rubhabhatidzo. Chinangwa chechidzidzo chino kukupa ruzivo pamusoro pekubhabhatidzwa nemvura uye tichiburitsa zvakakoshera, uye chinangwa uye nzira yerubhabhatidzo iri muShoko raMwari. Ichapawo chidimbu pamusoro pechidzidzo chekubhabhatidzwa neMweya Mutsvene, anova unotiisa mumuviri waKristu paMweya.

I. Chakakoshera Rubhabhatidzo

A. K u b h a b h a t i d z w a n e m v u r a h a k u n a chakwakakoshera panyaya yeruponeso.

Rubhabhatidzo rwemvura ibasa rakanaka. Testamente itsva inoburitsa pachena kuti ruponeso runouya nenyasha *pasina mabasa* – kusanganisira rubhabhatidzo.

Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda izvi zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari: Hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza.
VaEfeso 2:8-9

Dai waizoenderera nekuverenga vaEfeso 2:10 waizoonakuti mabasa akanaka anofanirwa kutevera ruponeso ,kwete kutangira ruponeso.

Evangeri haibatanidzi rubhabhatidzo .Mupostori Pauro anotsanangura evangeri kuna 1 Vakorinde 15:3-4 uye rubhabhatidzo harupo pakati peEvangeri

Nokuti Kristu haana kudituma kubhabhatidza asi kuti ndiparidze Evangeri... 1 Vakorinde 1:17a

Uchienzanisa ndima iyi naVaRoma 1:16 zviripachena kuti rubhabhatidzo haruna chekuita neruponeso.

- Rubhabhatidzo rwemvura harutichenese kubva kuzvivi (1 Johani 1:7, Zvakazarurwa 1:5).
- Rubhabhatidzo rwemvura harutipi kubarwa patsva (Johani 1:13, 1 Petro 1:23).

Mbavha pamuchinjikwa inova muenzaniso wemunhu anoponeswa asi asina kubvira abhabhatidzwa (Ruka 23:39-43).

B. Rubhabhatidzo rwemvura idanho rakakosha rinotorwa nemutendi.

1. Rubhabhatidzo idanho rakakosha rekuteereraMwari uye kuzviisa pasi pemasimba ake.

Shoko raMwari rinotiraira kuti tibhabhatidzwe.

Endai naiꞆvoꞆvo, mudꞆidꞆise marudꞆi ose, muvabhabhatidꞆe muzita raBaba neroMwanakomana nero Mweya Mutsvene
Mateo 28:19

Jesu Kristu akava muenzaniso muna Mateo 3:13-15. Anova muenzaniso watinofanirwa kuteera (1 Petro 2:21, 1 Johani 2:6). Ongorora mundima iyi kuti rubhabhatidzo rwaJohani rubhabhatidzo rwekutendeuka (ona v. 11 - urwu rwakasiyana kunꞆ rubhabhatidzo rwevatendi). Jesu Kristu waisada kutendeuka! Asi wakazviisa pasi perubhabhatidzo kuti azadzise *kururama kose* (v. 15). Chinoshamisa, Jesu Kristu haana kutanga basa rake rekushumira kusvika azobhabhatidzwa.

2. Rubhabhatidzo idanho rakakosha rekuzvifananidza nerufu ,kuvigwa nerumuko rwaKristu Jesu.

Kuna vaRoma 6:1-7 tinodzidza zvinomirirwa nerubhabhatidzo: Kufa, kuvigwa nerumuko rwaJesu Kristu.Chikamu chimwe nechimwe chinoratidzwa pakubhabhatidzwa nemvura.

Rubhabhatidzo inzira imwe inoita kuti mutendi azvifananidze pachena naIshe Jesu Kristu semuponesi wake. Ruponeso rweMweya rusingaoneki nemaziso enyama evanhu, rubhabhatidzo runova chapupu paruzhinji chekutenda kwemutendi muEvangeri yeruponeso rwake.

II. Nzira inodzidziswa neMagwaro yerubhabhatidzo.

A. Rubhabhatidzo nderwevatendi voga.

Muenzaniso wakanaka mukuru weruponeso rwemutadzi nerubhabhatidzo iri mumagwaro muenzaniso wemuranda weEthopia kuna Mabasa 8. Mundima iyi muranda anobvunza Firipi kuti chii chingandimisa kubhabhatidzwa. Mhinduro yaFiripi inotiburitsira zvinhu zvinodiwa kuti munhu abhabhatidzwe.

Firipi akati kwaari, kana uchitenda nomwoyo wako wose zvingaitwa. Akamupindura akati, Ndinotenda kuti Jesu ndiye mwanakomana waMwari Mabasa 8:37

Hapana mumagwaro patinoona munhu asingatendi achibhabhatidzwa. Izvi zvinosanganisira kubhabhatidza vana vacheche. (Ex. Mabasa 8:12, 9:18, 16:25-33, 18:8)

B. Rubhabhatidzo rwevatendi kuburikidza nenzira yekunyikwa kana kuombekwa mumvura.

Inzwi rekuti “bhabhatidzo” rinoreva kunyika, kunyudza kana kuombeka kana kuisa mune chimwe chinhu.

Panobhabhatidzwa muranda weEthiopia panoburitswa zvinotevera,

...vakaburukira vose mumvura, iye Firipi nemuranda akamubhabhatidza. Mabasa 8:38

Panobhabhatidzwo Kristu panoburitswa zvinotevera:

Jesu wakati wabhabhatidzwa, pakarepo vakabuda mumvura: Mateo 3:16

(Onawo zvakare Johani 3:23.)

Sezvo rubhabhatidzo rwemvura ruripo kupa mufananidzo werufu kuvigwa nekumuka kwaKristu, mufananidzo wacho unenge usina kukwanira kana munhu arikubhabhatidzwa aizoita zvekudirwa kana kukushwa. Kunyika mumvura bedzi ndiko kunoburitsa mufaninidzo wakazara weEvangeri (1 Vakorinde 15:3-4).

III. Rubhabhatidzo “rumwechete” bedzi runoponesa.

Chinoshamisa, Ndima dzaPauro zhinji paanotaura zverubhabhatidzo mutsamba dzake hazvinei nekuita nemvura.

Kune muviri mumwechete, noMweya mumwe, sezvamakadanwawo mutariro yokudanwa kwenyu; Ishe mumwe nokutenda kumwe, norubhabhatidzo rumwe., VaEfeso 4:4-5

Sezvatichaona, kunyangwe tine mhando zhinji dzerubhabhatidzo, kune rubhabhatidzo rumwechete runoponesa uye rubhabhatidzo runoponesa iroro rubhabhatidzo rweMweya Mutsevene.

Nokuti muMweya mumwechete isu tose takabhabhatidzwa mumuviri mumwe; kana tiri vaJuda kana vaGiriki kana varanda kana vakasununguka, isu tose takanwiswa paMweya mumwe 1 VaKorinde 12:13

Rubhabhatidzo urwu runotiisa mumuviri waKristu Jesu pamweya. Onawo zvakare VaRoma 6:3-4, vaGaratiya 3:27-28, vaKorose 2:11-12.

IV. Dzidziso nezvemhando yemabhabhatidzo.

Kune mhando zhinji dzerubhabhatidzo (ona vaHeburu 6:2). Muchidzidzo ichi tataura nzira mbiri dzakasiyana dzerubhabhatidzo: Rubhabhatidzo rwemutendi (Mateo 28:19) nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene(1 vaKorinde 12:13). Ukazovhura Mateo 3:11-12 unozoona mhando nhatu dzerubhabhatidzo mumagwaro maviri. Nzira dzakasiyana idzi dzerubhabhatidzo dzirimo muchokwadi cheMagwaro uye dzinofanirwa kupatsanurwa zvakanaka (2 Timotio 2:15).

Mibvunzo yechidzidzo 04

1. Sei rubhabhatidzo rwemvura rusina kukosha paruponeso? Ipa magwaro anosimbisa .
2. Ipa zvikonzero zviviri sei tichifanirwa kubhabhatidzwa.
3. Rubhabhatidzo rwemutendi mufananidzo wei?
4. Izwi rekuti kubhabhatidza rinorevei?
5. Tinoziva sei kuti kunyika ndiyo nzira yakakodzera inofanirwa kubhabhatidzwa nayo?
6. Nderupi rubhabhatidzo rumwechete runoponesa? Rinotiisa pakadii rubhabhatidzo iroro? Tsigira nemagwaro.
7. Unokwanisa here kuwana mhando nhatu dzerubhabhatidzo dzinotaurwa muna Mateo 3:11-12?

Ndima dzekuchengeta mumoyo 04

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva.

Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

Endai naizvovo mudzidzise marudzi ose muvabhabhatidze muzita raBaba neroMwanakomana, nero Mweya Mutsvene, Muwadzidzise kuchengeta zvinhu zpose zvandakakurairai imi, tarirai ndinemi mazuva ose kusvikira pakuguma kwenyika Amenii. Mateo 28:19-20

Nokuti muMweya mumwe isu tose takabhabhatidzwa mumuviri mume kana tiri vaJuda kana vaGiriki kana varanda kana vakasununguka, isu tose takanwiswa paMweya mumwe. 1 Vakorinde12:13

Chidzidzo 05: Mweya Mutsvene 01

Basa reMweya Mutsvene muhupenyu hwemutendi?

Chinguva chawakagamuchira Kristu nekutenda, Mweya Mutsvene akauya kuzogara mumuviri wako zvachose. Dzidziso yeMweya Mutsvene nguva zhinji idzidziso isinganzwisiswe nevakawanda uye vamwe havatoibatikire kuidzidzisa. Chinangwa chechidzidzo chino kukubatsira kunzwisisa kurinyore kwezvinodzidziswa neShoko raMwari pamusoro pehunhu nebasa reMweya Mutsvene.

I. Mweya Mutsvene ndiMwari.

Iyi ndiyo dzidziso yehutatu hwaMwari. Bhaibheri rinotidzidzisa kuti Mwari ari muhutatu.

Nokuti kune zvitatu zvinopupura kudenga, zvinoti: Baba, Shoko, neMweya Mutsvene: uye zvitatu izvi chinhu chimwe.

1 Johani 5:7

Hutatu hwaMwari hunokwanisa kuonekwa munzvimbo dzinotevera Genesi 1:26, 11:5-7, Isaya 48:16, Mateo 3:16-17, 28:19, na 2 vaKorinde 13:14. Munhu sezvaakasikwawo nemufananidzo waMwari, zvinhu zvitatu, chiri chinhu chimwe (Genesi 2:7, 1 VaTesaronika 5:23). Zvakakosha kunzwisisa kuti Mweya Mutsvene ndiMwari.

- Mweya Mutsvene hachisingori chimweya chinogotenderera chisingararami.
 - Mweya Mutsvene haasingori manzwiwo atinoita matiri
- Mweya Mutsvene anokwanisa kutoudzwa nhema (Mabasa 5:3-4), Anokwanisa kuchemedzwa (VaEfeso 4:30), Anokwanisa kutaura (Mabasa 13:2, 21:11), etc.

II. Mweya Mutsvene anogara mumutendi wose.

Munhu asina Mweya Mutsvene haasi waJesu Kristu (vaRoma 8:9). Bhaibheri rinoburitsa pachena kuti muviri itemberi yeMweya Mutsvene.

Hamuzivi here kuti muviri yenyu itemberi yeMweya Mutsvene, uri mamuri , wamakapihwa naMwari? Hamuzi wenyu. Nokuti makatengwa nomutengo, naizvozvvo kudzai Mwari mumuviri wenyu, noMumweya nokuti ndezvaMwari
1 VaKorinde 6:19-20

Iyo ndiyo yaiva vimbiso yaKristu kune vadzidzi vake asati aenda kumuchinjikwa kuna Johani 14. Verenga Johani 14:16-17 uone panogarwa noMweya Mutsvene uye kwenguva yakareba zvakadini.

III. Mweya Mutsvene une basa rakakaosha zvikuru muhupenyu hwemutendi

- A.** Mweya Mutsevene anozivisa mutadzi pamusoro pekusatenda uye kumutsa moyo pamusoro pechivi (Johani 16:7-8).
- B.** Mweya Mutsvene anotimutsa (anotipa kubarwa patsva) patinoponeswa (Johani 3:3-8).
- C.** Mweya Mutsvene anotibhabhatidza mumuviri waKristu panguva yokutendeuka (1 vaKorinde 12:13).
- D.** Mweya Mutsvene anotisimbisa kusvika muzuva rerudzikinuro (VaEfeso 1:13-14, 4:30).
- E.** Mweya Mutsvene anotipupurira kuti tiri vana va Mwari (VaRoma 8:16, vaGaratiya 4:6, 1 Johani 4:13).
- F.** Mweya Mutsvene ndiye mudzidzisi wedu (Johani 14:26, 16:13, 1 vaKorinde 2:9-14).
- G.** Mweya Mutsvene anotireverera muminyengerero (vaRoma 8:26-27).
- H.** Mweya Mutsvene anotipa simba rekushandiraMwari (vaEfeso 3:16, Mabasa 1:8, 4:8, 31, vaRoma15:13).

Mibvunzo yechidzidzo 05

1. Ipa magwaro anotsigira dzidzso yehutatu hwaMwari.
2. Maringe naJohani 14:16-17 Mweya Mutsvene waMwari anogara payi uye kwenguva yakareba zvakadini?
3. Nenzira dzipi dzatinoona Mweya Mutsvene achiratidza kuyanana nekufambidzana naMwari uye nekutigadzira pabasa raMwari?

Ndima dzekuchengeta mumoyo 05

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva. Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

Hamuzivi here kuti muviri yenyu itemberi yeMweya Mutsvene, uri mamuri , wamakapihwa naMwari? Hamuzi wenyu. Nokuti makatengwa nomutengo, naizvozvokudzai Mwari mumuviri wenyu, noMumweya nokuti ndezvaMwari

1 VaKorinde 6:19-20

Chidzidzo 06: Mweya Mutsvene 02

Basa reMweya Mutsvene rimbori rei muhupenyu hwangu?

Pasina Mweya Mutsvene hazvigoni kurarama hupenyu hwechiKristu. Chidzidzo chino chinoenderera mberi nekudzidzisa pamusoro peMweya Mutsvene, tichibata zvbereko, zvoMweya uye kuti zvinorevei kuzadzwa noMweya Mutsvene nokufamba muMweya

I. Mweya Mutsvene anoburitsa zvbereko muhupenyu hwemutendi.

Mwari vanoshuvira kuburitsa zvbereko nehunhu hwavo muhupenyu hwedu kuti tifanane naJesu Kristu (vaFiripi 2:13). Hatikwanisi kuva saMambo Jesu Kristu pasina Mweya Mutseve . Muna vaGaratia 5:22-23 kune zvbereko zvoMweya zvipfumbamwe zvakanyorwa. Hunhu hwakanaka uhwu hunobuda matiri patinozviisa pasi pehutungamiriri kwake:

- A. **Rudo** – Vimbiso nechokwadi cherudo rwaMwari (vaRoma 5:5) uyewo simba rinobva kunaMwari kuti tigone kuda vamwe (Mateo 5:46).
- B. **Mufaro** – Haasi manzwiro edu aya, asi kugona kugara tisingakanganiswe nezvirikuitika zvakatikomberedza muhupenyu (vaRoma14:17, 1 vaTesaronika 1:6).
- C. **Rugare** – Chokwadi nekugadzikana kunounza kunzwisisa (vaFiripi 4:7, Johne 14:27).
- D. **Moyo murefu** –Kutsungirira mukunonoka uye mukutadzirwa nevamwe (vaKorose 1:10-11).
- E. **Moyo munyoro** – Kuwirirana nevamwe nehunyoro (Mapisarema 18:35).

- F. Kunaka** – Simba rekuita vamwe zvakanaka, vose vakaponeswa nevakarasika (vaRoma 15:14).
- G. Kutenda** – Kutenda Shoko raMwari uye kutendeka kwaMwari (1 Johani 5:4).
- H. Hunyoro** – Hunhu hwakanaka maringe nekusvika panaMwari uye vanhu vakatikomberedzawo (2 vaKorinde 10:1).
- I. Kuzvidzora** – Kuzvidzora kunobva kuMweya Mutsvene, mukutya kwaMwari (1 vaKorinde 9:25-27).

Cherechedza kuti hunhu hwese hwakanaka uhu hunongoratidzwa chete patinosangana nekuyanana nevamwe vatendi. Zvibereko zveMweya zvinoitawo kuti tive nehuchapupu hwakanaka kune vakarasika (vaKorose 4:5, 1 vaTesaronika 4:12). Zvinozoitawo kuti tibatane nevamwe vatendi pamusana pa Kristu, kunyanya nyanya tirichikamu chekereke yenharaunda. (vaGaratiya 6:10, 1 Johani 3:16). Tichabata chidzidzo chekereke yenharaunda zvinehudzamu kumberi.

II. Kufamba muMweya.

Magwaro anotiraira kuti tizadzwe noMweya Mutsvene.

Regai kubatwa newaini, nokuti pane kusazvidzora asi muzadzwe noMweya Mutsvene; vaEfeso 5:18

Kana chiri chivi kubatwa newaini, zvinorevawo kuti chivi kusazadzwa neMweya Mutsvene. Izvi hazvirevi manzwiro edu kana zvinhu zvatizonzwa matiri. Izvi zvakare hazvirevi kuti uri kuwana Mweya Mutsvene wakawanda – asi zvine chekuita nekuti Mweya Mutsvene awane zvakawanda kubva pauri kuburikidza nekuzviisa pasi pehutungamiriri hwake.

A. Tarisira zvizbereko kupfuura chiitiko. Kuva nemanzwiro mukati mauri ayo anogona kuuya kwauri nokuda kwechitendero hazvina kufanana nekuzadzwa neMweya Mutsvene. Kubatwa kweMweya kunofanira kuonekwa nezvizbereko kwete chiitiko chatingasangane nacho mukushumira.

1. Vanhu vaMwari pavakazadzwa neMweya Mutsvene mubhuku raMabasa vakava nekushinga pakupupura Kristu (Mabasa 4:8, 31, 13:9-10).
2. Kuna va Efeso 5, magwaro anopa nzira zhinji dzinoratidza kuzadzwa neMweya Mutsevene: Mufaro (v 19), Kuvonga (v 20), Kuzviisa pasi (vs21), newadzano yakashandurwa (v 22-6:4).

B. Zvinyudze muShoko raMwari nguva dzose. Shoko raMwari neMweya waMwari hazvife zvapakokana nekuti iye Mweya Mutsvene ndiye munyori we Shoko raMwari dzvene. Hatikwanisi kuziva pfungwa dzeMweya Mutsvene kana tisinganzwisisi Magwaro. Bhaibheri neMweya Mutsvene zvinekushandidzana kuri pedyo nepedyo zvakanyanya. Zvekuti nguva zhinji zvinofananidzwa nezvinhu zvimwe chete (ex. chiedza, mvura, kufema). Magwaro anotiraira kuti tizadzwe muzvinhu zviviri izvi uye zviburitse zvakanana matiri (vaKorose 3:16, vaEfeso 5:18-19).

C. Usaisa chivimbo chako pane zvaunokwanisa kuita nenyama yako. Musiyano uripakati pekufamba muMweya nekufamba munyama chingori chikamu kana danho rimwechete. Ndokusaka tichifanirwa kurarama hupenyu takabaturira pasimba raMwari riri matiri (vaFiripi 3:3, vaRoma 6:13, 16, 19, vaGaratiya 5:16-18).

D. Rarama nekugara wakadaro. Hupenyu hwakaiswa pasi pekutungamira kweMweya Mutsvene nemutendi hunoda kutsungirira nekushingairira. Tinopinda pachikamu chekukura uye hachiitiki muhusiku humwe. Dzidza kubva mukukanganisa kwako woramba wakatarira kunaJesu Kristu. Chinangwa chizere cheMweya Mutsvene kuti uwedzere kufanana naKristu (vaGaratiya 5:25, vaRoma 8:29, 2 vaKorinde 3:18).

Mibvunzo yechidzidzo 06

1. Nyora zvinhu zvinoburitswa neMweya Mutsvene muhupenyu hwemutendi kubva kuna vaGaratiya 5.
2. Mumazwi ako, tsanangura zvishoma zvinoreva mutsara wekuti “kuzadzwa noMweya Mutsvene”
3. Chiiko chinoda kuzadzikiswa neMweya Mutsvene muhupenyu hwemutendi ?

Ndimba dzekuchengeta mumoyo 06

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva.

Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

Zvino ndinoti: Fambai muMweya ipapo hamungaiti kuchiva kwenyama.

vaGaratiya 5:16

Chibereko choMweya ndirwo rudo, nomufaro, norugare, nomwoyo murefu, nomwoyo munyoro, nokunaka, nokutendeka; nohunyoro, nokuzvidzora: kunze kwaizvovovo hakuna murairo

vaGaratiya 5:22-23